

Ngajen Sikep

Pek ku hidep pilih, lamun kagiatanana alus pilih “Bener”, lamun goreng pilih “Salah”!

- | | |
|---|----------------------|
| 1. Urang kedah micinta ka lemah cai sorangan | <input type="text"/> |
| 2. Lemah cai mah teu dipikacinta ku urang oge teu nanaon | <input type="text"/> |
| 3. Diajar nu tekun, nurut kana parentah guru jeung kolot di imah, kaasup kana micinta lemah cai | <input type="text"/> |
| 4. Ngajalankeun ibadah kalawan hate nu iklas tur miharep rido Alloh SWT, eta ogesami sareng micinta lemah cai | <input type="text"/> |
| 5. Abdi kantos janten juara dina Pasanggiri Kawih Sunda sa-Kota Bogor | <input type="text"/> |
| 6. Saur Bapa, urang Sunda kedah resep kana seni Sunda | <input type="text"/> |
| 7. Si Bohim mah teu resepeun kana lagu-lagu Sunda teh! | <input type="text"/> |
| 8. Sadidinten abdi sok masang lagu-lagu Sunda | <input type="text"/> |
| 9. Males upami tos ngupingkeun kawih Sunda teh! | <input type="text"/> |
| 10. Abdi mah nganggap lagu-lagu Sunda teh kampungan | <input type="text"/> |

Latihan Ulangan Pangajaran 5 : Reueus Jadi Urang Indonesia

Pilih jawaban nu benerna!

- Puisi anu diajangeun pikeun dikawihkeun, disebutna ...
A. rumpaka kawih
B. rumpaka lagu
C. rumpaka tembang
D. rumpaka sisindiran
- Ceuk lagu “Tanah Sunda”, nuduhkeun kaayaan Indonesia anu ...
A. endah
B. subur ma'mur
C. sangsara
D. balangsak
- Anu henteu kaasup kana mangpaat kakayon, nyaeta ...
A. sumber kahirupan
B. gajaga urug/longsor
C. ngajaga caah (banjir)
D. ngagarap tanah
- Di Tanah Sunda nu ngumbara teh ngarasa ...
A. teu betah
B. hoream
C. suka betah
D. nalangsa
- Babasan “hejo lembok” hartina ...
A. loba tatangkalan
B. subur tur loba rejeki
C. tatangkalan keur bubuah
D. lega kebon jeung sawah
- “Masyarakat dina kaayaan beunghar tur hirup senang”.
Babasan anu keuna keur eta kalimah, nyaeta ...
A. repeh rapih
B. kokoro nyoso
C. malarat rosa
D. sugih mukti

7. Ieu di handap anu henteu kaasup kana istilah geografi, nyaeta ...
- A. pasir
 - B. lamping
 - C. langit
 - D. leuwi
8. Bagian gunung atawa pasir antara puncak jeung tutugan, disebutna ...
- A. lamping
 - B. babantar
 - C. leuwi
 - D. muara
9. Ieu dihandap anu henteu kaasup kana kalimah kaayaan, nyaeta ...
- A. Tatangkalan hejo ngemploh
 - B. Pare di sawah sumedeng beukah
 - C. Gedang teh keur gumading
 - D. Kang Jaka keur ngala buah
10. Kawih nu judulna "Tanah Sunda" di karang ku ...
- A. Mang Bakang
 - B. Nano S
 - C. Mang Koko
 - D. Gugum Gumbira